**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

# «ТҮРКИЙ ФИЛОЛОГИЯНЫҢ ӘҲМИЙЕТЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ»

*атамасындағы халықаралық илимий-теориялық конференция мақалалар топламы*

*(2-октябрь, 2021-жыл)*
*(Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор Абдиназимов Шамшетдин Нажимовичтиң 60 жыллық юбилейине бағышланады)*

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2021

УДК: 82:811.512.1(082)
ББК: 81.Қар.
Т-93

**«Түркий филологияның әҳмийетли мәселелери»**. *Илимий мақалалар топламы.* – Нөкис, «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2021. 372 бет.

Бул топламға Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор Абдиназимов Шамшетдин Нажимовичтиң 60 жыллық юбилейине бағышланып өткерилген «Түркий филологияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы халықаралық илимий-теориялық конференцияларда баянат ислеген профессор-оқытыўшылар, докторантлар, излениўшилер, магистрантлар ҳәм зийрек студентлердиң, мектеп оқытыўшыларының илимий мақалалары киргизилген. Халықаралық илимий-теориялық конференция Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 2-марттағы 78-ф-санлы қарары тийкарында 2021-жыл 2-октябрь күнги қарарының әмелдеги орынланыўына бағышлап өткерилмекте.

Топламнан филология тараўының қәнигелери, докторантлар, магистрантлар ҳәм студентлер, мектеп оқытыўшылары илимий бағдардағы жумысларында пайдаланыўы мүмкин.

**Жуўаплы редакторлар:**

**Қ.Турдыбаев** – филология илимлериниң кандидаты, доцент, **М.Қудайбергенов** – филология илимлериниң докторы, профессор, **А.Досымбетова** – филология илимлериниң кандидаты, доцент, **Ш.Хожанов** – қарақалпақ тил билими кафедрасы доценти.

**Редакторлар:**

**Ж.Таңирбергенов** – қарақалпақ тил билими кафедрасы доценти ў.а., **Г.Абишов** – қарақалпақ тил билими кафедрасы доценти ў.а., **Н.Алламуратов** – қарақалпақ тил билими кафедрасы ассистенти, **Г.Тоқымбетова** – қарақалпақ әдебияты кафедрасы доценти ў.а., **Ж.Сейтжанов** – аўдарма теориясы ҳәм әмелияты кафедрасы доценти, **Г.Адилова** – қазақ тил ҳәм әдебияты кафедрасы доценти ў.а., **К.Байменова** – өзбек тили ҳәм әдебияты кафедрасы ассистенти.

**Пикир билдириўши:**

**М.Қурбанов** – филология илимлериниң кандидаты.

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Илимий кеңесинде (2021-жыл 31-август күнги 1/5.3-санлы баянлама) тастыйықланған.*

ISBN 978-9943-7484-0-8

© «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2021.
© Түркий филологияның әҳмийетли мәселелери, 2021.

til va dialektlar aralash faoliyatda bo'lgan hududlarda aniqlash to'g'risida fikr yuritiladi. Masalan, turkiy tillar o'zaro va tashqi muhit, boshqa tizimdagi tillar bilan birga yashaydi. U yoki bu izoglossaning innovatsion markazini aniqlashda ana shu «begona» til va shevalarni inkor qilish asosida erishiladi.

Ko'rinadiki, «til ittifoqi» tushunchasi tillat va shevalarni tadqiq qilishda muhim ahamiyat kasb etadi va kelgusida shevalarni tadqiq qilishda bu tamoyil yetakchi mavqega chiqadi.

## И.ЮСУПОВТЫҢ ҒӘРЕЗСИЗЛИК ДӘЎИРИНДЕГИ ЛИРИКАСЫНДА КӨРКЕМ ШЕБЕРЛИК МӘСЕЛЕСИ

***Қ.Турдыбаев***
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Әдебиятымыздың ҳәзирги раўажланыў басқышында лириканың күшли раўажланыўының тийкарғы себеби соннан ибарат, бул елимиздиң барлық тараўларында демократиялық өзгерислердиң күшейиўи, жәриялылықтың артыўы, кеўилдеги гәплерди бурынғыдай қыпсаламай, ашықтан-ашық айтыўға умтылыў болып табылады. Усы көзқарастан ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ лирикасын раўажландырыўға үлкен үлес қосқан атақлы шайыр И.Юсуповтың дөретиўшилигине арнаўлы түрде тоқтаған мақсетке муўапық болады. Кейинги дәўирде шайырдың ғәрезсизлик дәўириндеги лирикасы ҳаққында айырым изертлеўлер ҳәм әдебий-сын пикирлер де жарыққа шыққаны менен де [1], оның дөретиўшилигиниң еле изертленбей атырған қырлары баршылық.

Соны айтыўымыз керек, ғәрезсизлик идеялары 1991-жылдан анағурлым бурын жүзеге келе баслады. Бул нәрсе көркем әдебияттың өзине тән раўажланыў жолынан дәрек береди. Усы көзқарастан И.Юсуповтың 1980-жыллардың II ярымында ҳәм 1990-жыллардың басында жазылған қосықлары дыққатқа ылайық. Мысалы, шайырдың «Мүнәжат», «Корабльлер қойымшылығындағы елес», «Анемия», «Тырналар», «Бул жер еле зор болады», «Алыс әўладларға», «Беглигиңди бузба сен», «Ҳүждан монологи», «Сағалаяқ», «Деседи», «Арал элегиялары» ҳәм т.б. қосықларында демократиялық идеялар, ашық сөзлилик аттан анық көзге тасланады. Оларда бурын айтыў мүмкин болмаған сөзлер, ибаралар, мотивлер, көркем образлар шеберлик пенен қолланылғанлығын көремиз. Усы көзқарастан шайырдың «Мүнәжат» атлы қосығы дыққатқа ылайық:

Тәңирим, инсап бер өз бенделериңе,
Бул барыстан нешик замана болар...!
Дәрт жамылып кеўиллердиң дәртине,
Дәўир дағдарыстан аўара болар.

…Кимлер ҳийле менен шалқып жатажақ,
Пулға өтсе, жоқ ийманын сатажақ.
Мириўбет таңлары қашан атажақ,
Журттың бир әрманы сол ғана болар.

Тәкаббырлық иллетине шатылып,
Күшлилер әззиге дизе батырып.
Арзан сөзлер қымбатына сатылып,
Бийдай нанның изи зағара болар…[2]

Турмыс реализми менен дәўир қарама-қарсылықларын бундай өткир әдебий конфликтлерге айландырып, оларды лирикалық қаҳарманның жүрегинен өткерип сүўретлеўде үлкен шеберликке ерискен шайыр лирикасы бүгинги ғәрезсизлик күнлери де өзиниң қунының жоқары екенлигин дәлиллемекте.

Дәўир қарама-қарсылықларын лирикалық шығармаларда әдебий конфликтке айландырыўдың өзгешелиги ҳаққында белгили өзбек әдебиятшысы Ж.Камол: «…лирикалық шығармаларда дәўир қарама-қарсылықлары бир қанша өзине тән жол менен, яғный, туйғылар гүреси, кеширмелердиң алмасып турыўы формасында көзге тасланады… Лириканың жанрлық өзгешеликлери менен белгилениўши бул өзине тәнликти азғана болса да естен шығарыўға болмайды. Кери жағдайда лирикалық конфликттиң тәбиятына сөзсиз түрде зыян келтириледи»[3].

1990-жыллардың басында жәмийетшилик басына түскен қыйыншылықлар күшейип, буның үстине ҳәр қыйлы миллетлер арасындағы базы бир келиспеўшиликлер кескин қарама-қарсылықларға, қан төгиспе урысларға айланып атырған еди. Усы себепли И.Юсупов «Мунәжат» қосығында:

Қырмызы қан ағып асқар таўларда,
Абыл-Қабыл түскен питпес даўларға.
Аналар перзентин берип жаўларға,
Ботасыз бозлаған әрўана болар..

Жүрек жанса ышқы отында жансын,
Ашықлар уйқысын бузып оянсын.
Таянса аналар бесик таянсын,
Балдақ таянғанлар бийшара болар [2.5-б].

– деп жазған еди. Шайырдың бул қатарларында сол дәўир қарама-қарсылықлары, лирикалық қаҳарманның ишки дебдиўлери, жүрек толғанысларының драматизми шебер түрде сүўретленилген.

И.Юсуповтың усы жыллардағы айрықша шеберлик пенен жазылған лирикалары қатарына «Корабльлер қойымшылығындағы елес» атлы қосығын жатқарыўға болады. Расында да, Мойнақ қаласындағы бурынғы порттың орнында үлкен-үлкен корабльлер менен майдалы-ирили кемелердиң қум үйиншиклери менен ҳәр қыйлы тасландыларға батып-шүмип атырған көринислери жүреклерди сызлатар, бурынғы гүрлеген Арал менен Мойнақтың ҳәзирги тәғдирин пүткиллей әбигерлендирер, оны биротала трагедиялық көринислерге бояр еди. Мысалы:

Еспе қумға ермек болып көмилген,
Ессиз пароходлар, катер, баржалар.
Палубалар қумнан зорға көринген,
Каютаға кирген самал зар жылар,

Құдди динозавр қабырғасындай,
Кеме сүлдерине сүйендим узақ.
Қорқынышлы еди қәбир басындай,
Жүрегимди тырнар бийреҳим азап…[4]

Бул, негизинен, пахта монокультурасының ақыбетинен келип шыққан аянышлы көринислер еди. Булардың барлығы инсан баласының ойсызлығы, парықсызлығы себепли келип шыққан трагедиялық жағдайлар екенлиги белгили:

«Тәбияттан мийрим күтпе, тартып ал!»-
Деп маңлайшаға жазып қойғанбыз.
«Тыңнан жер аш, ақ алтынды артық ал!»-
Деп теңизди қуртыўға да барғанбыз.

Ақ сүти қорланған ана тәбият,
Енди бизиң жаўыз ҳүжданымызды.
Қырда қалған сынық мачтаға байлап,
Қатаң жазалаўға киристи бизди [3.9-10-б].

Усы қосыққа сабақлас идея шайырдың публицистикалық ҳәм философиялық мәнилери қарысып жазылған «Тырналар» деп аталған лирикасында да айқын көзге тасланады. Өйткени, «Поэзия өз әсириниң ҳәдийселери, өз дәўири идеялары менен тойынғанда ғана бай ҳәм әҳмийетли» мазмунға ийе болады [5]. Қосықта авторға жанландырыў усылы тереңнен жәрдем берген. Қуслар тилинен шайырдың төмендегидей сөзлерди ислетиўи жүдә сәтли, айрықша өткир әдебий усыл формасында шыққан:

Не ис тапса адам пейлинен табар,
Ол қаст етсе, терис ағар дәрьялар.
«Бул жер бизге-ҳарам!» дегендей олар,
Аҳ урып, қыйқыўлап барар тырналар.

Қусларды көлатсыз, теңизди суўсыз,
Қалдырған нәмәртлер қалмас сораўсыз.
«Ғарғысқа жолығып, бәри қалыўсыз,
Туқымқурт болғай!» – деп барар тырналар

Барар интизамлы жипке дизилип,
Мен қарайман жүрек-бауырым үзилип.
Сиздей мен де ата журттан безигип,
Неге кете алмайман, айтың тырналар [3.75-76].

Бизиңше, бул қатарлар лирикалық қаҳарманның позициясының анықлығын, дәллигин, ал, шайырдың болса ашық сөзлилигин аңлатып турғандай. Шайыр усы ағла пазыйлетти қосықта жүдә өткирлестирип, тырналардың символикалық образын жаратыў арқалы тереңнен аша билген.

И.Юсуповтың «Анемия» қосығында болса гейпара портретлик сүўретлеўлер, картиналық көринислер менен философиялық қәсийетлер бир-бири менен қарыстырылып, шеберлик пенен синтезленип берилгенин көриўимиз мүмкин. Қараңыз:

Дәртли қосығымды саған арнайман,
Дилгир мүтәжликте жасарым мениң.
Ақша жүзи запырандай сарғайған,
Көзи дөңгеленген нашарым мениң.

Гүзде уўлы шаңын жутып теримниң,
Жазғы ыссыларда атыз да жүрсең.
Билгени бир «пахта» сениң ериңниң,
Кемпир-ғаррының да шорысы бир сен…

Базда енең емизиўге ақлығын,
Алып келер еди атыз басына.
Шаңғыттан паналап ыраштың ығын,
Емизип отырдың оның қасыңда [6].

Шайыр аласатлы дәўирдиң қарама-қарсылыққа толы картинасын усылайынша дәлме-дәл сәўлелендире алған. Усыған уқсас ой ағыслары менен дәўир қарама-қарсылықлары сөз шебериниң «Қайта қурыўдың балларына», «Бул жер еле зор болады», «Беглигиңди бузба сен», «Алыс әўладларға» атлы қосықларында да үлкен патриотлық руўх ҳәм үлкен шеберлик пенен сәўлелендирилген.

Усы жерде және бир нәрсени атап өтиўимиз керек, И.Юсуповтың лирикасында тек сиясий-экономикалық дағдарыслар, қыйыншылықлар ғана емес, ал руўхый турмысымыздағы жаман иллетлер менен кемшиликлер, артта қалыўшылықлар туўралы да ашықтан-ашық жазылды. Өйткени, «Публицистика ҳәм поэзия алдыңғы сапларда турып, дәўир машқалалары ҳаққында бас қатырды, уйқыдағы елди оятыў ғамы менен жасады» [7]. Мәселен, И.Юсуповтың «Ҳүждан монологи» қосығында руўхый турмысымыздағы унамсыз иллетлер-еки жүзлилик, немқурайдылық, ўәдепазлық, менменлик ҳаққында ашықтан-ашық жазылды. Қараңыз:

Көп ўақыттан бери адам,
Өз өзинен мудам.
Жөнли есап алмаған,
Ҳадал, ҳарам ҳаққында…

Дәнсиз ғумша байладық,
Көп қағаз шыжбайладық.
Тоты қустай сайрадық.
Жақсы-жаман ҳаққында…

Дәртлиге дәртлеспедик,
Ат белинен түспедик.
Хошеметке иследик,
Пахта план ҳаққында.

Гүл жөнинде көп жаздық,
Мал жөнинде көп жаздық.
Сөзимиз өтер азлық,
Нағыз инсан ҳаққында [5.30-31-б].

Дурысында да, бул қатарлар тек дәуир қарама-қарсылықлары ҳаққында ғана емес, ал, зыялылар қатламының ең саналы топары болған жазыўшы-шайырлар искерлигинде орын алған олқылықлар менен кемшиликлер, бир тәреплемелиликлер туўралы ашшы ҳақыйқатлықты айтыўға бағышланған. Сонлықтан да, «Ҳүждан монологи» қосығы тек шайыр И.Юсупов дөретиўшилигинде ғана емес, ал, ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ лирикасында елеўли из қалдырған дөретпе болып есапланады.

И.Юсуповтың жәриялылық ҳәм демократия жылларында жазылған «Деседи…» атлы лирикасында философиялық мәни тереңлиги аттан анық көзге тасланады. Бул нәрсе сөз шеберине өз дәўириниң нәпеси менен баслы қарама-қарсылықлы конфликтлерин жетерли түрде сәўлелендириўге жол ашып берген. Мысалы:

Арқадан еседи аязлы самал,
Адамзаттан енди суўысқан Арал.
Енди қайтып келмес кеткен тырналар.
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи [5.33-б].

Көрип отырғанымыз сыяқлы, шайыр бәҳәр ҳаққында айта отырып, жоқарыдағы қосығындағы «тырналар» образына және қайта оралған. Сол арқалы ол дәўирдиң тәбийий ҳәм жәмийетлик қарама-қарсылықларын бир көркем образдың қурылысына жәмлеп көрсетиўге ерискен. Бул нәрсе қосықтағы моральлық пафосты тағы да айқынластырып, автор позициясын және де өткирлестириўге хызмет етеди:

Гәп көбейтип қайта қурыў жөнинде,
Жыйналыспақ жақсы қыстың күнинде.
Оқыўшыны қуўыў ушын теримге.
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи. [5.34-б].

Улыўма алғанда, И.Юсупов өзиниң қайсы бир қосығында болсын, қайсы бир поэмасында болсын, оларға дәўир нәпесин терең сиңирип, өз заманының әҳмийетли мәселелерине белсендилик пенен араласып отырады. Нәтийжеде оның қосықлары улыўма жәмийетимиз ағзаларындағы сиясий-социаллық белсендиликтиң артыўына хызмет етеди. Усы көзқарастан оның улыўма философиялық мәниге ийе «Байыўлы» атлы қосығы дыққатқа ылайық. Мысалы:

Теңиз толқып турған ўақта иргеде,
Ел қандай мәс еди кеше Үргеде.
Жүрегим даўамас енди көрмеге,
Мәканлап алыпсаң-ғо өзиң байыўлы!

Арқадан жағымсыз самаллар есер,
Самал ескен сайын еңсемиз түсер.
Көп узамай бул аўыл көшеди десер,
Сол ма, айтажағың байғус байыўлы...![6.47-б]

Шайырдың бундай жүреклерди шоршытарлық сөзлериниң шынлығы тереңде екенлиги поэзия ышқыпазларына анық. Буны шайыр ғәрезсизлик басланар алдындағы ҳақыйқат шынлық ҳәм кескин конфликтлердиң бири ретинде бизге айқын жеткерип отыр. Қосықтың дәслепки қатарларында аңызлық образ байыўлының жаманатлы болыўына байланыслы сөзлер айтылады да, соңынан лирикалық қаҳарманның жәмийетлик-сиясий ҳәм социаллық мазмундағы ойлары жетекшилик қыла баслайды. Бул нәрсе өз гезегинде «Деседи» қосығының өзгешелигин белгилеп береди.

Атақлы сөз шебери, мине, усындай қосықларының айырымларына айрықша өткирлик енгизип, сол арқалы дәўир ҳақыйқатлығын, ондағы қарама-қарсылықлы шараятты тереңнен аңлатыўға ерисип отырады. Мысалы, оның «Бозатаўдың бойындағы тоғайлар» қосығының дәслепки шуўмақларында-ақ мынадай қатарлар бар:

Бозатаўдың жолындағы тоғайлар,
Көргенде көзимниң жаўын алдыңыз.
Қалай бульдозерден аман қалдыңыз...
Бозатаўдың жолындағы тоғайлар [6.94-б].

Сезип отырғанымыз сыяқлы, шайыр үшинши қатарды келтириў арқалы бир ўақытлары пахта менен салыдан мол зүрәәт алыў ушын тоғайлар, көлат ҳәм теңизлердиң де аялып отырылмағанлығын еслеў арқалы оқыўшыны бир сергитип, оларға сол жыллардың конфликтлик шараятын сездириў арқалы әҳмийетли жуўмақ шығарыўға итермелейди. Бул, ҳақыйқатында да, шайырдың дәўирдиң актуаль мәселелерине бәрҳәма үн қосыўынан, социаль жәмийетлик белсендилигинен дәрек береди.

И.Юсуповтың «Плаха» излеп…» атлы қосығында да философиялық, гуманистлик сыпатлар жүдә күшли. Атақлы жазыўшы Ш.Айтматовтың романынан тәсирленип, оның идеясының изи менен жазылған бул қосықта қәдимги «жанағашқа» айрықша терең поэтикалық мәни жүклеў арқалы ХХ әсирдиң жәмийетлик-сиясий турмысындағы ҳайран қаларлық қарама-қарсылықларды, унамсыз иллетлерди, қоршаған орталық пенен тәбиятқа жабайыларша қатнас пенен мийримсизликлерди бизиң көз алдымызға ашықтан-ашық түрде елеслетеди. Қараңыз:

Тайга қарағайының бийигин сайлап,
Әйдик еменлерди қыйратып шықтық.
Түбине зәҳәрли изей суў айдап,
Саялы гүжимди қуўратып жықтық [6.13-б].

Усы қатарлардан-ақ шайырдың ойлаўы менен пикирлеў дүньясының кеңлиги, планетарлық көлемдеги, улыўма жер шары кеңислигиндеги қарама-қарсылықларды өткир конфликтлер арқалы сүўретлеў өзгешелигиниң тереңлиги айрықша көзге тасланып тур. Мәселен:

Ашкөзлер шанағы терең қурымдай,
Байлық- үстемликти аңсар бир тынбай.
Жуўҳаланып теңиз суўын симирип,
Нәпси өрбир шегирткениң қуртындай.
Жаўрап Миссисипи, Әмиўдәрьялар,
Жағысларын таслап қашады Арал (6.13-б].

Мине, булар шығармадағы улыўма философиялық ҳәм астарлы символикалық пикирлери басым ойлар ретинде бирден-ақ оқыўшы сезимине тәсир етип, оны лирикалық қаҳарман менен бирге ой сүриўге, жуўмақ шығарыўға шарлайды.

И.Юсуповтың «Сағалаяқ», «Арал элегиялары», «Сәўбетли ақшам», «Жол самалы», «Ўатан» ҳәм тағы басқа да қосықларындағы ўатан сүйгишлик пенен айтылған, гуманистлик пазыйлетлер менен суўғарылған ой-пикирлер дүньясының поэтикалық қуны өз алдына. Шайыр «Арал элегиялары» қосығында Арал апатшылығының ақыбетлерин:

Суўы қумайытланған бир Әзим дәрья,
Руўхым арқалы ағып барады.
Демиккен ең соңғы балықлар онда,
Есеңкиреп қалаш қағып барады [5.17-б].

– деген өткир ҳәм жанлы конфликтлерге толы қатарлар менен береди. Улыўма алғанда, бул элегиялардың қай-қайсысы да терең руўхыйлық, трагедиялық сыпатлары жағынан ХХ әсирдиң питпес жаралары, аўыр жоғалтыўлары менен тығыз байланыслы болып табылады.

Жуўмақлап айтқанда, И.Юсуповтың лирикасы ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ поэзиясында салмақлы орынды ийелейди. Усы дәўирге тән сиясий-жәмийетлик, экономикалық, руўхый-моральлық ҳәм т.б. машқалаларға шайыр өз ўақтында ҳәм оператив түрде жуўап бериўге умтылды. Бул нәрсе оның ғәрезсизлик дәўириндеги лирикасының өзине тәнлигин белгилеп берди.

## СӨЗ ӨЗГЕРИЎ СИСТЕМАСЫ ИЗЕРТЛЕЎ ОБЪЕКТИ СЫПАТЫНДА

***П.А.Нажимов***

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

Соңғы жыллары түркий тил билиминде олардың тиллик қурылысын аналитикалық көзқарастан изертлеўге дыққат аўдарылғанлығын көриўге болады. Көплеген тюркологиялық изертлеўлерде тилдиң грамматикалық қурылысын изертлеўде жаңа ҳәзирги дәўир илиминиң методологиясы ушын үлкен әҳмийетке ийе аспектлер пайда болды. (Дмитриев Н.К., Баскаков Н.А., Кононов А.Н., Тенишев Э.Р., Иванов С.Н., Щербак А.М., Гузев В.Г., Грунина Э.А., Кузнецов П.И., Благова Г.Ф., Насилов Д.М. и др.). Деген менен, бул идеялар түркий тиллериниң ҳәммесинде де өз сәўлелениўин таўып атырған жоқ. Елеге дейин бир қанша таласлы, айырым жағдайларда тилдиң морфологиялық системасындағы грамматикалық қубылыслардың тиллик фактлерге тийкарланбастан сыпатланғанлық жағдайларын ушыратыў мүмкин.

Соның менен бирге түркий тиллериниң айырым мәселелери толық өз шешимин тапқандай көрингени менен, еле де тереңирек ҳәм жәнжақлама изертлеўлерди талап етеди. Түркий тиллериниң айырым морфологиялық категорияларының парадигмалық қатарлары толық ашып берилмеди.

Түркий тиллери көпшилик жағдайда басқа тиллер семьясы көзқарасынан изертленилип келгени ҳәммеге мәлим [5,16]. С.Н.Ивановтың

## MAZMUNÍ

М.Кудайбергенов. Филология илимлериниң докторы, профессор Ш.Абдиназимовтың өмири ҳәм илимий-педагогикалық хызметлери ........ 3

Қ.Содиқов. Қадимги туркий васиқаларда ишлатилган бадиий стереотиплар талқини ........ 11

Almaz Ülvi Binnatova. Azərbaycan – qaraqalpaq ədəbi əlaqələr fövqündə: tanınmış sima şəmşəddin abdinazimov ........ 19

Z.Do‘simov**.** Nomlar – muhim tarixiy-lisoniy manba ........ 23

А.Э.Маматов. Матннинг миллий-маданий аспекти ........ 25

Б.Абдушукуров. «Девону луғотит турк» ва ўзбек тили шевалари ........ 31

Ш.Норбаева. Огаҳийнинг касбий лексикани қўллашдаги маҳорати ........ 39

S.Ashirboyev. «Til ittifoqi» tushunchasining o‘zbek areal lingvistikasiga tatbiqi masalasi ........ 42

Қ.Турдыбаев. И.Юсуповтың ғәрезсизлик дәўириндеги лирикасында көркем шеберлик мәселеси ........ 46

П.А.Нажимов. Сөз өзгериў системасы изертлеў объекти сыпатында ........ 54

A.T.Abdiev. Shamshetdin Abdinazimov – qaraqalpaq lingvofolkloristikasın izertlewshi alım ........ 57

Б.Диланов. Ш.Абдиназимовтың улыўма билим бериў мектеплери ушын сабақлықлар таярлаўдағы хызмети ........ 60

М.Қ.Айымбетов. Өткен әсир латынластырыў сиясатындағы стратегиялық бағдарлар ҳаққында ........ 64

А.Пирниязова. Профессор Ш.Абдиназимов мийнетлериндеги жаңа бағдарлар ........ 67